Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
КАЗБЕКОВСКИЙ РАЙОН
12+ № 42 (9953) 27 октябрь 2023 с. / Рузман 13 рабигIул ахир 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

## Хаслихълъиялъул ярмаркаялда

Районцоязда лъала ахирияЛ соназ, районалъул администрациялъулги росдал магIишаталъул управлениялъулги хIаракаталдалъун, районалъул центр Дилималда хаслихъеги ихдалги ярмаркаби тIоритIулеллъи. Аслияб къагIидаялда гьенир гIахьаллъула СПКял, КФХял, ЛПХял, ГУПал, МУПал ва цогидалги росдал магIишаталда хурхарал гIуцIаби.



Гьаб соналъул хаслихъе ярмарка тIобитIана 21 октябралда ва гьенир гIахьаллъана 27 гIуцIи. Узухъда, аслияб къагIидаялда, гьез цебе бахъана бакIалда гIезарурал кванил нигIматал ва гьел базаралъул багьаялдаса 15-20% гIодобегIанаб багьаялда ричулел рукIана.

УСХялъ кьурал баяназда рекъон, гьеб къоялъ ярмаркаялда гIадамазе бичун буго: 1450 кг. хIайваналъулги, 830 кг. гIиялги, 600 кг. гIанкIабазулги, 70 кг. гургуразулги, 30 кг. ритIучIилги гьанал, 70 кг. тIорахьалъул, 100 кг. нисдал, 150 кг. хIанил, 3 тонна пиринчIалъул, 3 тоннаялдаса цIикIкIараб къадар картошкадул, 350 кг. порол, 200 кг. гъапустIаналъул, 300 кг. ламадуралъул, 6 тонна хъабхъил, 200 кг. цIоросаролъил ханждал, 50 кг. урбадул, 90 кг. гьацIдал, 300 кг. хъарпузалъул, 1500 кг. цIикIкIараб къадар гIечул, 60 кг. генул, 300 кг. цIолбол ва 600 хоно.

РакIалде ккола гьеб къоялъ районалъул гIадамазе хасалихълъиялдегун хаслиде лъикIаб нахърател гьабиялъе квербакъанин. ***Ибрагьим Идрисов***

## Цоги къватIалъе цIар кьуна

ГIадатлъун лъугьун буго районалъе цIикIкIараб пайда гьабуразул цIарал гIуцIабазе, къватIазе ва цогидал бакIазе кьейи. Гьезулъ хасал бакIал ккола Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда, бахIарчилъиги бихьизабун, гIумруялдаса ратIалъаразул цIарал кьеялъ, аллеяби гIуцIиялъ, ракIалдачIеялъул ахал чIеялъ ва цогидалги тадбираз.




Гьединал тадбиразул цояблъун букIана дагьал церегIан къояз Дилим росдал цо къватIалъе тIадехун рехсараб операциялда гIумруялдаса ватIалъарав *«БахIарчилъиялъул»* орденалъул кавалер ХIосен Маликовасул цIар кьеялъул тадбирги.

Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И.И. Шабазов, ЖамгIияб палатаялъул председатель ХIажи Адимирзаев, рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибов, жамгIиял гIуцIабазул вакилзаби, хIухьбахъиялда ругел СВОялъул гIахьалчагIи, информациялъул алатазул, культураялъул хIалтIухъаби, ХIосенил гIага-гIунтIарал, рукIарал гьудулзаби ва цIалдохъаби.

Тадбир рагьиялъул кIалъаялда И. Шабазовас абуна: *«Нилъер ракьалда рекъел букIинабиялъе гIумру кьуразул цоявлъун ккола ХIосен. Нилъеда тIадаб буго миллатчилъиялде ва цогидалги жамгIияталъе цIикIкIараб зарал кьолел рахъазде данде къеркьолаго гIумру кьурал кIочонгутIиялъе кинабго гьабизе, гьединазул хъизабазе бажарараб кумек гьабизе. Районалъул бетIерасул рахъалдасан, дица ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго ХIосен, мустахIикъаб тарбия кьун, гIезавурал эбел-инсуе»*,-ян.

Гьединалго кIалъаял гьенир ХI. Адимирзаевасги, Х. МухIамадхIабибовасги гьаруна. ХIосенил имгIал, гьабсагIаталда хIалхьиялда вугев МВДялъул полковник Руслан Маликовас, ХIосенил хъизаналъул, гIага-гIунтIаразул рахъалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна росдал ва районалъе нухмалъулезе СВОялъул гIахьалчагIаздегун гьезул хъизабазе кьолеб кIваралъухъ. ***МахIмуд ДавудхIажиев***

## Халкъиял театразул фестиваль тIобитIана

19 октябралда районалъул культураялъул Централда тIобитIана «Нижер Расул» абураб республикаялъул халкъиял театразул фестиваль.

Гьеб фестиваль тIобитIана Расул ХIамзатовасул 100 сон тIубаялда хурхун, ва гьенир церерахъараз бихьизабулеб букIана шагIирасул гIумрудул цо-цо бутIа.

Фестивалалда гIахьаллъана Бабаюрт, Болъихъ, Леваши, Хасавюрт ва Казбек районазул театрал.

Халкъиял театразул гIахьалчагIаз кутакалда берцинаб къагIидаялда бихьизабулеб букIана ХIамзатовасул асараздаса бутIа босун гьарурал церерахъинал, ва гьезухъ балагьарал кутакалда паналъун рукIана.

Хасго, рехсезе ккела нилъеразул церерахъин. КидагогIадин нилъер актераз бихьизаризе гIолеб гIелалъе ва чIахIиязе мисал босизе рекъараб, патриотикияб церерахъин. Полохъанав Расул ХIамзатов, гьесул росулъ ккараб лъугьа-бахъин,




ригьнадаса рагъде рачун арал васал ва гьезда хадур ралагьун хутIарал улбул, гьеб кинабго букIана цо сценаялда цолъун.

Фестивалалда гIахьаллъарал коллективал мустахIикълъана республикаялъул культураялъул министерствоялъул грамотабазе.

Нилъер районалъул халкъияб театралъул режиссер МухIаммад Дудуевас жиндирго кIалъаялда абуна: *«Гьаб фестиваль нилъер районалда тIобитIи кутакалда лъикIаб иш буго. Гьанир гIахьаллъарал районазул церехъабазул ккана цоцалъ лъайхъвай, бицана жидеца гьабулеб хIалтIул, ва кьуна цоцазул церерахъиналъе къимат. Гьеб буго кутакалда кIвар бугеб хIалтIи»*,-ян. ***МахIмуд ДавудхIажиев***

## «Ниж-наркоманиялде данде» акциябазул рахъккун



Нижеца «Чапар» газеталъул цересел номеразда рехсон букIана, тIадехун рехсарал акциябазул рахъги ккун, районалъул централияб библиотекаялъул хIалтIухъабаз росабазул школазда тадбирал тIоритIулел рукIиналъул хIакъалъулъ. Гьединал тадбиразул цояблъун букIана ОМВДялъул, ДУМДалъул районалда бугеб рухIияб лъайкьеялъул отделалъул вакилзаби гIахьаллъараб ва дагьал церегIан къояз ИчкIа росдал гьоркьохъеб школалда тIобитIараб тадбирги.

Данделъи рагьиялъул кIалъаялда школалъул директор Зугьра Аминовалъ абуна: *«Нижер коллективалъ кIудияб кIвар кьолеб буго цIалдохъабазе, умумулгун ва жамгIиял церехъабигун цадахъ, битIараб тарбия кьеялде. Нижеца хасаб тIадчIей гьабула гIолилал терроризмалъул, экстремизмалъул ва наркоманиялъул нухазде унгутIиялда сверухъ гьабулеб хIалтIиялда»*,-ян.

ЦРБялъул директорасул заместитель МухIамадхIабиб МухIамадхIабибовас, росдал имам МухIамадсалихI Каримулаевас, ОМВДялъул хIалтIухъан Адам ХIажиевас цIалдохъабазе бицана наркоманиялде гьоркьобе гIолеб гIел цIазе, наркотикал тIиритIизарулезе бигьа букIунеблъиялъул, гьез, Интернеталдасан ва цогидалги бухьеналъул алаталги хIалтIизарун, гьекъолел, рухIулел, сунтIулел жидеца гIакълу хисизабулел лъамалъаби, хурдул, таблеткаби ва цогидалги жал хIалтIизариялде гьоркьор къотIи гьечIого ахIулел рукIиналъул. Гьез абуна: *«Наркотикал хIалтIизариялде гьоркьоре ккезе цIакъ бигьаяб иш буго, амма гьездаса инкар гьабизе, кумек гьечIого, гIемерисезда кIоларо. Наркоманиялъ гIаданлъиялъул киналниги рахъал хвезарула, наркоманазул гIумруялъул лъиениги пайдаги букIунаро.»*,-ян.

Жидецаго бицунеб гьез тасдикъ гьабулеб букIана плакатаздалъун, видеороликаздалъун ва цогидалги берзулал алатаздалъун.

Данделъи ахиралде щвана росдал библиотекаялъе нухмалъулей СалихIат МухIамадовалъ гIуцIараб *«Полилал–наркотиказде данде»* абураб тематическияб выставкаялъул хал гьабиялдалъун.

***Зульмира Адилмирзаева, ЦРБялъул директор***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гъум. 2 Поэзиялъул гьумер
гъум. 3 ХIалтIуе ритIухъав
гъум. 4 Как защитить от вирусов

# Поэзиялъул гъумер



*Ниязбег Алмахъский Хасавюрт шагьар*

## Цолъи-нилъер къуват

Цолъе, имамасул цIар араб наслу,
Цолъе, магIарулал, кватIизе гурин.
Цолъи-нилъер къимат гьеб нилъер къуват,
Берал къалев Расул, тараб васият.

Хварасул васият тIубазе кколеб.
Ккараб къо борхизе, цолъе, аварал!
«АхIул гохI», умумул чIезаре цере,
Цуцай рухIал кьезе, хIадур рукIарал.

КIочон тоге мугIрул, магIарул тIалъи,
Дур гIамал куцарал, кибго цIар арал!
ЦIумаз борхалъуда, лъолин бусаби,
Борхалъи квегъизе цолъе, дир миллат!

РукIунге нуж кепкахъ яхI бичулеллъун,
Бичун рогьо боси, гьеб гIакълу гурин.
Хвел гьукъулеб къуват, гьечIин ракьалда,
Тохаб цIар нахъе тун, тоге гьаб дунял!

*Мавлият Шамсудинова, Гуни росу*

## ТIабигIаталде рокьи гьечIони, ВатIаналде рокьи букIунаро

Гьаб дунялалда тIад тIолго тIабигIат
ТIегьазабун цIуне дир магIарул халкъ.
МугIрузги, щобазги, гIатIиракьазги,
БацIцIадаб гьава-бакъ нилъее кьезе.

ТIоцебе тIабигIат цIуничIонани,
ВатIаналде рокьи букIинищ нилъер?
Берцинлъи, гьайбатлъи загьир гьабулеб,
Нилъер гьаб тIабигIат чIунтизе телищ?

ЧIунтараб халкъ гьечIин магIарулазул,
ЦIунила нилъеца нилъерго къимат.
Къиматаб дир ВатIан, тIегьараб гIумру,
Унго берцинлъи щиб дир ВатIаналъул?

Рагъул тушбабаца, кьогIал харбаца
ВатIангун тIабигIат тIутIузабула,
Гьезул гъаримлъиялъ ва пуланлъиялъ
ТIутIулин ургьиб ракI, дир тIулил яцал.

ВатIан цIунулаго, цIадулъ рухIарал,
РакIалде щваралго, щоларо макьу.
Бакъулал, кунчIарал къоял киннигин,
БухIулин дир керен, камурал васахъ.

Дир гьайбатаб ВатIан чIунтизабурал,
ЧIунтулин жалгоги заман анагIан.
Дир чIухIараб ВатIан тIегьазабурал,
ТIегьалин жалгоги мех бахъанагIан.

ВатIаналде рокьи воре рехуге,
Огь, дир магIарул халкъ, дир гьудулзаби,
Беричго, бацIцIадго цIуне тIабигIат,
Берцинал тIугьдулцин къулулин нужей.

ТалихIаб дир ВатIан, дир авар мугIрул,
Къулила кидаго нужее бетIер.
ТIегьараб гьаб гIумру, берцинаб дир ракь,
Ракьалда рекъелгун гьабила гIумру.

Гьезде бугеб рокьи хъвазе, бицине
Дир къуват гIоларин, хIал дир лъугIула,
ЛъугIила ракьалда тIолабго рагъ-къал
БачIина нилъее гьуинаб заман.

*Наида Расулова, Алмахъ росу*

## Ниж налъулал руго даим нужее

ВатIаналъе гIоло, халкъалъе гIоло,
ГIумру кьун, рагъарал дир районцоял.
Ракълилаб гьаб дунял бихьизе гIоло,
ЦIадулъ лъадарарал нижер бахIарзал.

Рагъул гъугъай къотIун сонал аниги,
Лъала, хIалхьи гьечIо нужер ракIазе.
ЗахIматал дол нухал нахъе таниги,
Толаро хIалада ракIалдещвеяз.

Нужер захIматалъе, къо хIехьеялъе,
Ниж налъулал руго нужее даим.
Зани хоб щвечIезе къулула бетIер,
Къадру тIадегIанал, рагъул бахIарзал.

*М-запир ГIабдулманапов, ЦIияб Данухъ росу*

## Рагъул заманалъул лъимал руго ниж

Лъимерлъи бикъарал, рохел бихьичIел,
Кваникълъи, ратIликлъи хIехьезе ккарал,
Рагъул авлахъалда эмен къанщарал,
Бесдаллъуда гIурал лъимал руго ниж.

Рагъда вугев инсул ургъел гьабиялъ,
Эбелалда макьу кIочон букIана.
Кlудияб захIмалъи тIаде бегиялъ,
Къварилъаби гIемер рихьана гьелда.

Лъималазе эмен камизе гурин,
Бергьенлъиги босун гьев тIадвуссанин.
Эбелалъул хьулал, рекIел анищал,
ЧIегIераб кагъаталъ рихххизаруна.

*ТIалхIат Ахъбердиев, Гьизилюрт шагьар*

## БачIун буго замана

ТIаде бачIун буго бигъараб заман
ЛъикIал гурел харбаз пашман гьарулеб
РакI хъубал тушбабаз тохлъукье рачIун
ЧIвалел руго жакъа сахал гIададамал.

Борхалъи къваригIун къватIир рахъарал
КъабихIал «гьабзазул» хIапи ргIула.
Нилъер мугIрул улка чучлъизабизе
Чорокал къукъаби къеркьелел руго.

Жиндилъ иман гьечIел намус лъугIарал
Памал квешаб къавмалъ къор гъолеб буго
Рокьукъал «борхьаца» загьруялъ цIурал
МацIал руго къватIир раккизарулел.

Дагъистан чIухIарав бахIарчияв вас
Имам-Шамилица абун букIана
«Кверална бижараб щуябго килищ
Щулаго данд къани къуват цIикIкIуна».

БитIараб нухдасан церехунги ун
МугIрузулаб улка щулалъиялъе
ТIолго миллатаца цоцалъги гъункун
Гьаризин тадбирал тохлъун чIчIечIого!

*М-загьир Мацiев, Дилим росу*

## Нилъ ритIун ккела

Гьанже гIадамасда гIайиб гьабизе
ГIакълу гIолеб гьечIо дун херлъун вуго.
Дунялалъ гуккун дин рехон тедал,
Хал-халев вуго дун долда рекIекълъун.

Ракъварал гьутIбузул тIогьивги вахун,
ТIилица пихъ чIвазе лъугьун вуго дун.
Доллара,ракъварал гIаркьалабазда,
Заз гуреб щибго жо бихьичIониги.

Бокьун буго дие дунял квегъизе,
Кивего щвайилан буго гьинал ракI.
Амма гIумруялъул соназ бицуна,
Бегун бугин гьанже дур гамайилан.

Рияъ гIемерлъана, лъай гIодоб ккана,
Дунан гIакъилаван гIемерав лъана,
Амма гьелъул ахир херлъи батидал,
БачIана рекIелъе пикру батIияб.

ГIажаиблъи Аллагь гьаб дунялалъул,
Лъай-гIакълу гьечIезухъ чIухIи батулеб.
ХIикмалъи БетIергьан дур къудраталъул,
ЧIорого ругелаз тIалъи босулеб.



*Гьумер хIадур гьабуна МахIмуд ДавудхIажиевас*

*Инсан ва гIумру*

# ХIалтIуе ритIухъав

Почтаялъ ва гьелъул хIалтIи байбихьиялъ кутакаб бигьалъи гьабуна халкъалъе. 1833 соналъ раккана тIоцересел конвертал, почталъул ящикал ва гIезегIан бигьалъана халкъалда гьоркьоса хIалтIи. Почтаялдасан ритIула кагътал, журналал, газетал ва цогидал къваригIанщинал алатал. Гьеб хIалтIи рехсолаго, бицен гьабичIого тезе кIоларо доб цIа бакараб рагъулаб заман, улбуца солдатазухъе хъварал кагътал гьеб заманалдаго щолел рукIана къокъаб заманалда жанир.



Жакъа къоялдаги почтаялъул хIалтIи дагьлъуле гьечIо, гIемераб хIалтIи гьабулеб буго гьелъул хIалтIухъабаз гIадамазул хъулухъ тIубаялъе.

Гьеб хIалтIул биценги гьабулаго, дие бокьун буго рехсезе Алмахъ росдал почтальон Бекмирза (ГIабдулмуслим) Тупаев.

ГIабдулмуслим гьавуна 1954 соналъ Алмахъ росулъ. 1971 соналъ гIагараб росдал 10 классги лъугIизабун ана ВатIаналъ тIад лъураб хъулухъ тIубазе армиялде. Рагъулаб хъулухъ гьес гьабуна Германиялда.

Армиялдаса тIадвуссун хадув 2001 соналде щвезегIан гьев хIалтIана Алмахъ совхозалъул электрикلъун.

2001 соналдаса байбихьун жакъа къоялде щвезегIан хIалтIулев вуго росдал почталъул начальниклъун.

ГIабдулмуслимица ва гьесул лъади Зубайратица лъикIаб тарбияги кьун гIезабуна анлъго лъимер.

Нилъеца ракIчIун абизе бегьула, гьев вугилан унго-унгояв жиндир хIалтIи бокьулев инсан, щайилан абуни, гьев почтаялда хIалтIулев вугеб 22 соналда жаниб, гьесие реццбакъ гьабун гурого кIалъалев чи росулъ гьечIилан абизе бегьула.

ХIалтIул бицунелъул ГIабдулмуслимица абуна:

*«ХIалтIуде инсанасул букIине ккола рокьи, гьеб мехалда гьесда дандчIваларилан абизе бегьула кинабниги захIмалъи. Дица дирго хIалтIи ракIкIуна кутакалда гIадамазул хъулухъ тIубалеб хIалтIилъун, гьелъго батилилан ккола дир гьелде гьираги рокьиги жакъа къоялдаги букIунеб»*,-ан.

Росуцояз кидагоспIадин лъикIаб къимат кьолеб буго ГIабдулмуслимил хIалтIиялъе, щайилан абуни, жиндир хIалтIуе кколеб гурониги, росдал гIадамазул цогидаб, жинда бажарулеб хъулухъ тIубазеги кидаго хIадурав вуго гьев. Гьелъ бицуна, кинаб ракIалъул ва гIамалалъул инсан гьев вугевали. Полеб гIелалъги кутакаб къимат гьабула гьесул, щайилан абуни, гьезие гьев вуго гIумрудул насихIатчиги, гIакълучиги.

Жакъа къоялдаги ГIабдулмуслимица нухда тун гьечIо жиндирго хIалтIи, ва цIикIкIарал соназде валагьичIого ракIбацIцIадго тIубазабулеб буго.

Гьарула гьесие щулияб сахлъиги, халатаб гIумруги ва гьединаб пайдаяб хIалтIулъ сабруги!

**МахIмуд ДавудхIажиев**

# «Нуралъул кIамури» лъималазул ахалда

Араб анкьалда Ленинаул росдал тIадехун рехсараб цIаралда бугеб лъималазул ахалда тIобитIана, гьеб ах рагьаралдаса 8 сон тIубаялда хурхараб рохалилаб данделъи.

Гьеб рохалилаб тадбиралда гIахьаллъана росдал администрациялъул бетIерасул заместитель ГIабдузагьир Атаев, жамагIаталъул вакилзаби ва умумул.

Байрам рагьиялъул кIалъаялда ГI. Атаевас, баркиялъул рагIабаздаса хадуб, гьениб бицана лъималазе гьудул-гьалмагълъиялъулгун вацлъиялъул, патриотикияб тарбия кьеялъулъ лъималазул ахалда кьолеб бугеб кIваралъул, гьарана ахалъул коллективалъе жамгIият цебетIезабиялъулъ лъолеб бутIаялъухъ жеги тIадегIанал бергьенлъаби.

Узухъда, гьенир умумузул рахъалдасанги кIалъаял гьаруна. Гьединго, кIалъазе яхъарай Эльмира ГIабдулатIиповальги ахалъул коллективалда баркана гьелъие 8 сон тIубай, гьарана тIолазего сахлъи, рохел, талихI ва творчествоялъулал церетIеял.

Жидерго иргаялда, лъималазул ахалъе нухмалъулей Асият Дадаевалъ, тарбиячIужу Марьяна Мусаевалъ данделъаразе бицана жидер коллективалъ нахъ тараб нухалъул ва цере чIарал масъалабазул.

Гьез ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна данделъиялда гIахьаллъарал тIолазего.

Гьай-гьай, камун рукIинчIо гьенир ихтилат-кепалъулал церерахъиналги. Гьенир гIахьаллъана аниматорал, лъималаз рикIкIана, ахIана кучIдул, гьаруна кьурдаби ва тIоритIана батIи-батIиял хIаял. Абизе ккола гьенир данделъаразул ракIалъ халатаб заманалъ гIолеб къагIидаялда гIуцIун букIанин гьеб тадбиран.

Хасаб кIвар кьеялъе мустахIикъаблъун тадбиралда букIанин абизе бегьула ахалъул коллективалъ гIуцIараб хаслихълъиялъулаб ярмарка, цере рахъарал нигIматазулъ гьениб камураб букIинчIо.

**«Салатавия» сетальулаб издание**

# Инсан. МугIалим. НасихIатчи. Депутат

*Пайдаял ишазин цIар даимаблъун гьабулеб,*
*Дур машгьурлъи гIасрабаз гIасрабахъеги кьолеб.*
*Ле, инсан, а цевехун, ахиралде щвезегIан,*
*Абе, кIолареб гьечIин, щайгурелъул мун Инсан.*
**(Алишер Навои)**

Гьел рагIаби жиндир хIакъалъулъ абизе мустахIикъав вукIана гьаб соналъул 26 октябралда жиндие 70 сон гIолев вукIарав, амма ракIалдаго гьечIеб унтиялъ нилъер мухъилъа, араб сонил 13 сентябралда, вахъарав инсан, мугIалим, насихIатчи ва депутат АбутIалиб МухIамадович МухIамадов (ж.м.ч.).

АбутIалиб гьавуна 1953 соналъ КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи МухIамад Абуязидовасул хъизаналда. Абизе бегьула, гьесда гьаб заманалъул лъималазда гIадин, аваданаб лъимерлъи бихьичIин, къокъгьабун абуни, гьесул гIумру цогидаздаса батIияб букIинчIин.

1960 соналъ АбутIалиб гIагараб росдал школалде цIализе лъугьана ва 1970 соналъ гьес гьеб лъугIизабуна.

1970-1972 соназ АбутIалибица Советияб Армиялъул мухъилъ хъулухъ гьабуна. Армиялдаса хадув гьев Москваялъул хIисабгьабиялъул техникумалде лъугьана. Гьеб лъугьун хадув АбутIалиб гIагараб районалде тIадвуссана ва гьев ЦСУялда цебе гIуцIараб хIисабгьабиялъул станциялде хIалтIизе лъугьана.

ГьитIинаб къоялдаса гьесул рекIее цIакъ гIолаан гIолеб гIелгун гьабулеб хIалтIи, гьелъ, гьев 1975 соналъ ДГПИялъул педагогикаялъулгун байбихьул лъайкьеялъул методикаялъул факультеталде лъугьана.

1979 соналъ гьеб лъугIарав АбутIалиб байбихьул классазул мугIалимлъун тIамуна.

ХIалтIиялдехун бугеб жавабчилъи, кинабго рахъалде щолеб бербалагьи, гIуцIарухъанлъиялъе бугеб бажариги бихьун, 2003 соналъ гьев живго хIалтIулев вукIарав №1 школалъул директорлъун тIамуна, 2005 соналдаса байбихьун, школа лицейлъунги гьабуна.

Хадусел соназ АбутIалибица гьенир цIалулгун консультационнияб пункталъе (УКП) нухмалъулесул, директорасул информациялъулгун коммуникационниял технологиязул (ИКТ) заместителасул хъулухъал тIуразаруна.



12 соналъ гьес цебехун бачана педагогазул коллективалъул профсоюзалъул председателасул хIалтIиги, жиндирго къокъаб гIумруялъул 44 сон кьуна гьес гIолеб гIелалъе лъайгун тарбия кьеялъе.

Гьеб заманалда гьесул цIалдохъабазда гьоркьор рукIаразул рахъана цIар рагIарал гIелмабазул доктолрал, мугIалимзаби, тохтурзаби, рагъулал офицерзаби ва цогидалги махщелазул гIадамал.

Гьедин букIараблъиялъе нугIлъи гьабула гьесие щвараб «РФялъул лъайгун тарбия кьеялъул хIурматияв хIалтIухъан», «ЗахIматалъул ветеран», цIараз, РДялъул лъайкьеялъул министерствоялъул, районалъул администрациялъул, РУОялъул, школалъул рикIкIен гIемерал дирекциялъул ХIурматалъул грамотабаз, Баркалаялъул кагътаз ва цогидалги шапакъатаз.

Аслияб хIалтIуда цадахъго, гьес жамгIиял ишазулъги жигараб гIахьаллъи гьабулаан. Гьеб цIакъго загьираблъун лъугьана 1999 соналъул август-сентябралъул лъугьа-бахъиназда.

Ополчениялъул отрядалъул командирлъун тIамун вукIарав гьев, доб заманалъ районалъул бетIерлъун вукIарав ГIамир ГIазаевгун ва цогидал ополченцалгун Болъихъ цIуниялъулъ гIахьаллъана.

Ополчениялъул ишазулъ жигараб гIахьаллъи гьабурав АбутIалиб, РФялъул Правительствоялъул председателасул рахъалдасан гъажалда балеб сагIаталадалъун кIодо гьавуна, гьединго, гьесие РДялъул ПачалихъияБ Советалъул ХIурматалъул грамотаги кьуна.

А. МухIамадов районалъул депутатазул Собраниялъул III созывалъул депутатлъунги вукIана. Гьесда тIадбазабун букIана лъайкьеялъул, культураялъул, спорталъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул комитеталъул председателасул хIалтIиги.

Гьес киданиги рахъ кколароан тIекъал ишазде унезул, гьединал битIараб нухде ккезаризе хIаракатги бахъулаан. АбутIалибие бокьулароан чIандаяб, халатбахъараб ва пайда дагьаб калам. Гьев вукIана къокъаб ва кьучIаб рагIул бетIергьанчилъун.

Хъулухъалъухъ балагьичIого, мекъаб бицунездаги гьабулездаги гьес бадибчIваялги гьарулаан. Къокъгьабун абуни, АбутIалибица гьарурал лъикIал ишазул хIакъалъулъ хъвазе ккани, тIубараб газета гIоларо.

АбутIалибицаги лъади Аминатицаги 4 лъимер (1 вас ва 3 ясги) гIезабуна ва гьел жиде-жидер магIишатазда руго. Гьезги тIаса бищана эбел-инсул махщел-мугIалимлъи.

ЛъикIав инсан, мугIалим, насихIатчи, жамагIатчи ва депутат АбутIалиб даималъ хутIила нижер ракIазулъ.

Аллагьас гьесулги нилъерги мунагьал чураги ва лъикIаб гуреб нилъ киназего хъванги батугеги.

**Гьирисхан Гьирисханов,**
**районалъул депутатазул Собраниялъул председатель**

# ХъахIал къункърабазул къо

22 октябралда халкъалъ кIодо гьабулеб буго жиб къваридаб, амма гьебго заманалда къуватаб байрам, хъахIал къункърабазул къо.

Гьеб къоялъ ракIалде щвезарула киналниги рагъда хварал, араб бакI лъачIого тIагIарал ва ВатIаналъе камурал рагъухъаби.

Гьелда хурхун, ИчкIа росдал ва Дубки поселокалъул культураялъул рукъзазул хIалтIухъабаз, школалъул цIалдохъабигун цадахъ тIобитIана «Боржун унеб буго къункърабазул тIел» абураб тадбир. Гьениб лъималазе бицана гьеб тадбиралъул тарихалъул, ва щай гьеб къоялъул магIна хъахIаб къункъра бугебали. Цере рахъарал лъималаз цIалулел рукIана кучIдул ва гьезда гьоркьоби хасаб бакI ккун букIана Расул ХIамзатовасул «Къункъраби» кечIалъ. Жибго гьеб кечIалъул магIнаялъ бицунилан абизе бегьула гьеб байрамалъул къварилъиялъул.




Данделъи гIуцIараз баркала загьир гьабуна киналниги гьенир гIахьаллъарал лъималазе ва мугIалимзабазе, гьарана, гьезул рекIелъ патриотикияб цIа ва тарих лъазе бугеб гьира киданиги сунгейилан.

**«Салатавия» сетальулаб издание**







*Межрайонная ИФНС России №17 по РД напоминает*

# Приближается срок уплаты имущественных налогов физическими лицами

До **1 Декабря 2023 года** физические лица должны уплатить имущественные налоги за 2022 год:

**Земельный налог** платят физлица, которые владеют земельным участком по праву собственности, бессрочного пользования или пожизненного наследуемого владения.

**Налог на имущество** нужно заплатить за: дома, квартиры, комнаты, дачи, гаражи и машино-места, другие объекты капитального строительства. Налог на имущество начисляется только собственникам, указанным в документе о собственности на перечисленные объекты. И его размер зависит от кадастровой стоимости объекта налогообложения.

**Транспортный налог** платят граждане, в собственности которых зарегистрированы: автомобили, мотоциклы, самолёты, яхты, катера и другие транспортные средства.

Налоговое уведомление может быть направлено на бумажном носителе по почте заказным письмом, в электронном виде через сервис «Личный кабинет налогоплательщика» и с 1 июля 2023 году в электронном виде через «личный кабинет» на Едином портале государственных услуг.

Налоговое уведомление не направляется, если общая сумма налогов, исчисленных налоговым органом, составляет менее 100 рублей. В этом случае уведомление будет направлено в следующем году.

Налоговое уведомление содержит расчет имущественных налогов за налоговый период 2022 года, а также перерасчеты не более чем за три налоговых периода, предшествующих календарному году направления налогового уведомления.

Оплатить имущественные налоги, указанные в налоговом уведомлении, можно в «Личном кабинете налогоплательщика» или с помощью сервиса «Уплата налогов и пошлин» на сайте ФНС России, в мобильном приложении «Налоги ФЛ», в «личном кабинете» на Едином портале государственных услуг. Оплатить налоги также можно по QR- или штрих коду в налоговом уведомлении, в банке с указанием УИН платежа, на почте или в уполномоченном МФЦ.

Если не заплатить указанные в уведомлении налоги вовремя, то уже со следующего дня, то есть со 2 декабря 2023 года, задолженность будет расти каждый день за счет начисления пеней. В этом случае налоговый орган направит требование об уплате. Если должник его не исполнит, тогда налоговый орган обратится в суд. Далее долг будут взыскивать судебные приставы, которые могут принять ограничительные меры: например, заблокировать банковский счет должника или арестовать его имущество.

При неполучении до 1 ноября налогового уведомления за период владения налогооблагаемыми недвижимостью или транспортным средством, целесообразно обратиться в налоговую инспекцию либо направить информацию через «Личный кабинет налогоплательщика» или с использованием интернет-сервиса ФНС России «Обратиться в ФНС России».

Межрайонная ИФНС России №17 по Республике Дагестан призывает своевременно исполнить обязанность по уплате налогов, а также погасить имеющуюся задолженность!

*(Начало на 41 номере)*

## ГРАФИК
## отчетов перед населением участковых уполномоченных полиции отдела МВД России по Казбековскому району о проделанной работе за 2023 год

| № участкового пункта полиции Ф.И.О. участкового уполномоченного полиции | Дата проведения отчета | Время проведения отчета | Обслуживаемая территория административного участка | Ответственный от руководства территориального органа МВД России |
|---|---|---|---|---|
| Админ. участок № 5 Старший УУП Магомедханов Н.А. | 20.10. 2023 г. | 17:00ч. | с. Ленинаул | ЗИП по ООП Гусейнов С.Ю. |
| Админ. участок № 6 УУП Султанбеков Х.К. | 20.10.2023 г. | 17:00ч. | с. Ленинаул | ЗНП по ООП Гусейнов С.Ю. |
| Админ. участок № 7 УУП Окмазов Х.С. | 20.10.2023 г. | 17:00ч. | с. Ленинаул | ЗНП по ООП Гусейнов С.Ю. |
| Админ. участок № 8 УУП Юсупов Б.Б. | 27.10.2023 г | 17:00ч. | с. Калининаул | ЗНП по ООП Гусейнов С.Ю. |
| Админ. участок № 9 УУП Султанбеков А.К. | 11.11.2023 г. | 17:00ч. | с. Инчха, с. Хубар, с. Гостала, с. Иха | ЗНП по ООП Гусейнов С.Ю. |
| Админ. участок № 10 УУП Гаджиев А.А. | 22.11.2023 г. | 17:00ч. | с.Гуни, с. Гертма, с. Иманали росу. | ЗНП по ООП Гусейнов С.Ю. |
| Админ. участок № 11 УУП Алиханов А.Р. | 28.11.2023 г | 17:00ч. | пгт. Дубки, с. Ново Зубутли, с. Зубутли. | ЗНП по ООП Гусейнов С.Ю. |
| Админ. участок № 12 УУП Алиханов А.Р. | 28.11.2023 г | 17:00ч. | пгт. Дубки, с. Ново Зубутли, с. Зубутли. | ЗНП по ООП Гусейнов С.Ю. |
| Админ. Участок № 13 УУП Юсупов Б.Б. | 27.10.2023 г | 17:00ч. | с. Калининаул | ЗНП по ООП Гусейнов С.Ю. |

***Врио начальника ОУУП и ПДН ОМВД России по Казбековскому району майор полиции Магомедханов Н.А.***

# Объявление

Утерянный аттестат А № 031689 о неполном среднем образовании, выданный Калининаульской средней школой в 1988 году на имя Сатираева Раджаба Абулайсовича, считать недействительным.

Северияб электрикалъулаб сеталъул Дилималда бугеб участокалъул хIалтIухъабаз ва гьудул-гьалмагъзабаз, гьваридаб пашманлъиялда, загара балеб буго ТIагьир КъурахIмаевасда ва гIага-божаразда, эбел

**Суайсат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.
Алжаналъул агьлулъун гьаеги гьей.


**БетIерав редактор:** И.Б. Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI. ХIасанова
**Фотокорреспондент:** ГI.ГI. ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьолеб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательстволъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1448

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цоцидалги баяназул жаваб авторас кьола**